

Kad Konseptyèl En.F.A.P.

Glenda Stump

MIT

Defi a:

Kou majistral yo anpeche etidyan yo angaje kòm patisipan aktif nan aprantisaj la—sa ki lakòz etidyan yo pa rive metrize konsèp ki difisil yo.




Solisyon an: Kad Konseptyèl

En.F.A.P. (Chi, 2009)

Gen divès nivo angajman nan aprantisaj aktif

Nou klase aktivite yo selon sa etidyan yo ap fè aklè e sa ban nou yon lide sou kòman lespri yo ap travay

Nou ede pwofesè yo bati plan leson kote etidyan yo ka angaje tèt yo kòm patisipan aktif nan aprantisaj la



MIT
HAITI



Solisyon an: Kad Konseptyèl En.F.A.P.

En

- Kreye dyalòg ant 2 etidyan (Aklè)
- Fabrikasyon konesans an konbit (Aktivite)
- Enferans—ki se kalkile nouvo sans ak nouvo konesans nan tèt ansanm (Kognitif)

F

- Bay rannman ki ale pi lwen pase lide ke yo te deja diskite (Aklè)
- Kreye (Aktivite)
- Jwenn lòt sans (Kognitif)

A

- Manyen materyèl yo pandan aprantisaj la (Aklè)
- Konsantre, Seleksyone (Aktivite)
- Antre enfòmasyon youn nan lòt (Kognitif)

P

- Pote atansyon (Aklè)
- Resevwa enfòmasyon (Aktivite)
- Sere enfòmasyon (Kognitif)



MIT
HAITI



Rezilta a: Etid nan sal klas ak laboratwa

Nan rechèch ki fèt nan sal klas:

Etidyan aprann pi byen lè yo patisipe nan aktivite ki gen nivo angajman ki entèraktif

Nan rechèch ki fèt nan laboratwa:

Aprantisaj etidyan yo ogmante lè yo pwofonde nan angajman yo

(Menekse, Stump, Krause, & Chi, 2013)



MIT
HAITI



Aprantisaj Aktif nan Atelye MIT-Ayiti



MIT
HAITI

